

## Kuremekedza uye Kodzero

Vadzidzi vachakwanisa kunzwisia zviri nani zvinodiwa nevamwe uye manzwiyo avo panyaya yekuti vanhu vanofanira kuudzana mashoko akawanda sei paindaneti.

## Zvekushandisa

Mapepa eKunzwisia uye Kuudzana Manzwiyo

# **Nzwisia uye Kuudzana Manzwiro**

## **Mapepa akanyorwa**

### **Mutambo Wekirasi**

Ronga vadzidzi muzvikwata zvevaviri vaviri wopa mudzidzi wega wega mapepa akanyorwa Zviitiko: Mapepa Akanyorwa Evadzidzi

Ipa vadzidzi maminiti 15 ekuti vaverenge uye vakurukure zviitiko zvacho.

Tenderera nekamuri uchibatsira vadzidzi uchishandisa mimwe milvunzo yemudzidzisi iri pamapepa.

## **Nhaurirano**

### **Bvunza Vadzidzi Vako**

Zviitiko izvi zvakafanana papi?

Ndechipi changa chakaoma zvakanyanya kutaura nezvacho? Changa chiru nyore pane zvese? Nemhaka yei?

Dai uriwe, waizoita sei nemamiro ezvinhu akadaro dai zvaizoitika kwauri?

Ungazvidzivirira sei padambudziko rekuti vamwe vangaguma vava kuziva zvakavanzika zvako?

### **Mutambo Wekirasi**

Udza vadzidzi kuti kumwe kuda kuzivurura hakusi pamutemo, uye muzviitiko zvese hazvo kuda kuzivurura nezvemumwe munhu hakuna kunaka. Pahushamwari hwakasiyana-siyana, vanhu vanoda kuudza vamwe mashoko akasiyana maererano navo. Kusiyana uku kwakanaka uye kunotarisirwa kuti kuvepo.

# **Basa Rekuita**

## **Chikamu Chekutanga**

### **Udza Vadzidzi Vako**

Iye zvino tava kutambanudza pfungwa panyaya yatichangobva kukurukura nezvayo.

Papepa rako, dhirowa makatuni maviri enyambo [kana vadzidzi vasingafariri zvemakatuni, ita cuti vanyore kari kanyaya], vachiratidza izvi:

1. Chiitiko chaunofunga cuti hachina kuremekedza kodzero dzako kana cuti dzemumwe munhu, uye woratidza zvaunofunga cuti vamwe vanhu vaifanira kuita nezvazvo.
2. Chimwe chiitiko chakasiyana nechekutanga chaunofunga cuti kodzero dzako kana cuti dzemumwe munhu dzakaremekedzwa, uye cuti vamwe vanhu vakaratidza kuremekedza uye mutsa.

### **Basa Rekuita**

Ipa vadzidzi maminiti 30 ekuti vapedzise kudhirowa makatuni avo.